

**Ikinyamakuru  
ca Ekleziya  
Gatolika  
Umwaka wa 70  
Gisohoka kabiri mu  
kwezi  
Ikiguzi : 500FBu**

Email:[journalndongozi@gmail.com](mailto:journalndongozi@gmail.com)

Facebook :Journal ndongozi y'uburundi Rusizi ramaremb; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

# NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.  
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza »  
In 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. Fax : (257) 228907 N°787 15 Ntwarante 2023

## Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorero (Ibikurikira)

31. Umaze kwanka igihu-gu kandi wanka n'abantu baco. Harya twanka gushariza imbere y'aho tuba, vyerekana ko utipfuza ko abantu bokwumva aka-nyamuneza bashitse imbere yaho ubaye.

Gukubura mu nzu ugakuburira mw'ibarabara, vyerekana ko abandi naho wobatera ingwara bitakuraba. Uwanka igihugu yanka no kucitangira, yanka kurinda itunga ryaco mbere ahubwo

akagisahura n'utwo cari cifiitiye.

Ni iyo ngendo yatumye higanza ubugunge, ibituraire, no kunyonora itunga ry'ighugu. Umuntu yiba ivy'ighugu, vyerekana ko afise umutima wo ku-canka.

32. Bisubiye, umaze kwanka igihugu wanka n'amategeko yaco. A-mategeko niyo ashinga inyifato abantu bose batege-rezwa gukurikiza. Ni yo aca inzira ibanguranya

abikunda. Iyo rero wase amategeko, uba wase ubumwe kuko uba ushatse kuba agasimbirahamwe canke bugabo bwigaba.

Amategeko atuma haba impore hagati y'abene-ghigu kuko ntawuhonyora ku gakanu uwundi. Umwumvikano nawo ukaba ari ikimenyetso c'ubumwe.

33. Murumvise rero imitego twagiye turagwamwo twese abarundi. None rero hagize n'ikirikora,

indongozi ziva muri abo Barundi. None uwufise iyo migenzo yokwungura iki abenegihugu. Impumyi ntirongora iyindi.

None rero indongozi zose nizimene ko zatowe zikiri muri uwo mutima; ziheze zivukiranye zigire ico zirushije abandi.

Ndongozi mwese! Ni mwebwe muhagarariye igihugu ari co kitwungiye ubumwe kuko tugi-hurirako twese.

Soma ku Rup. 5

### Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

\* *A. Noël NTIRANDEKURA*

Abamenyeshamakuru:

\* *A. Noël NTIRANDEKURA*

\* *Mélance NDAYIKEZE*

\* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Uwujejwe ubuhinga:

\* *Chanel HARINGANJI*

Umunyamabanga:

\* *MSV Marie Goreth NDIKUMANA*

Umunyabigega:

\* *MSV Nadine HARAGIRIMANA*

Uwujejwe imigenderanire:

\* *J. de Dieu NDIKUMANA*

Foto: Mélance Ndayikeze



Emerance Bucumu, umukuru w'ihiro ry'abakenyezi mu Burundi ari kumwe n'abaserikira ihihiro ry'abakenyezi mu ntara. Bari mu birori vyo guhimbaza umusi mukuru mpuzamakungu wahariwe agateka k'abakenyezi mu ntara ya Cibitoke, komine Buganda ku wa 08/3/2023

### Ibirimwo

o Urugo rukristu nirumenyeshe Inkuru nziza ya Yezu Kristu.....6

o Umunsi udasanzwe wahariwe indero muri Diyoseze nkuru gatolika ya Bujumbura.....7

o Kwumviriza abantu ku mugaragaro ni co gikorwa cimirije muri CVR.....8

o Umunsi mpuzamakungu wahariwe abakenyezi .....10

Soma ku Rup. 3

**Idominika ya kane y'lkarema : Umwaka A**

**Igisomwa ca mbere :** Samuweli : 16, 1.  
6-7.10-13

**Inkuru nziza :** Yohani 9, 1. 6-9.13-  
17.34-38

Ivyo dusoma mu gitabu ca mbere ca Samuweli :

*(Dawudi asigwa amavuta ngo abe umwami  
w'Abanyisrayeli)*

Muri irya minsi, Umukama yabwiye Samuweli ati: « Niwuzuze amavuta ihembe ryawe, uheze ugende. Ndakurungitse kwa Yese w'i Betelehemu, kuko mu bahungu biwe nabonyemwo umwami nkeneye. » Bamaize gushika, Samuweli abona Eliyabu, yibwira ati: « Ni ukuri, uwusigwa amavuta ari imbere y'Umukama. » Ariko Umukama abwira Samuweli ati: « Nturable ubwiza bwiwe canke igihagararo ciwe, namwanse. Nkako, Umukama ntaraba nk'uko umuntu araba; umuntu araba ikiryohera amaso, ariko Umukama araba umutima. »

Hanyuma Yese arengutsa abahungu biwe indwi imbere ya Samuweli. Samuweli avuga ati: « Umukama ntiyatoye n'umwe muri bo. » Samuweli abwira Yese ati: « Ubwo iyo misore irakwiye? » Yese na we avuga ati: « Hasigaye umuhererezi, ariko ari kuragira ibitungwa. » Samuweli abwira Yese ati: « Rungika uwuja kumurondera, kuko ntituja ku meza adashitse ngaha. » Yese arungika uwuja kumuzana.

Yari afise imishatsi y'inginagina, amaso meza, yari aryoheye ijisho. Umukama abwira Samuweli ati: « Va hasi umusige amavuta, ni uwo. » Samuweli yakira rya hembe ry'amavuta, ayamusigira hagati ya benewabo. Umutima w'Umukama uca ushungurukira kuri Dawudi kuva uyo musi no mu bihe vyakurikiye.

**Igisomwa ca kabiri: Abanyefezi: 8, 8-14**

Ivyo dusoma mw'ikete umutumwa Paulo yandikiye Abanyefezi:

*(Ikangure uve mu rupfu, niho Kristu azokumurikira)*

Ko kera mwari umuzimagiza ubu mukaba muri umuco mu Mukama, nimwigenze nk'abana b'umuco. Umuco uzana icitwa ubwiza, ubutungane n'ukuri kwose. Nimumenye ikinezereza Umukama. Ntimwigere muja mu bikorwa vy'umuzimagiza bitagira akamaro, nimuvyagirize riho; kuko ivyo abo bantu bakora mu mpisho biteye isoni no kubivuga; ariko ivyo vyose bimaze kwagirizwa, umuco urabigaraga; ibigaragaye vyose bikaba umuco. Ni co gituma bavuga bati: « Ikangure, wewe usinziriye, haguruka uve mu bapfuye, Kristu azokumurikira. »

Urakaninahazwa kandi uragashemezwa, Mukama Yezu

- **Umukama yavuze ati:** « Jewe ndi umuco w'isi; uwunkurikira azoronka umuco w'ubuzima. »

Urakaninahazwa kandi uragashemezwa, Mukama Yezu

Ivyo dusoma mu Nkuru nziza ya Yezu Kristu nkuko twayishikirije na Yohani:

*(Aragenda, ariyuuhagira, agaruka yakize)*

Muri irya minsi, Yezu ariko aragendagenda, abona umuntu yavutse ari impumyi, araheza acira hasi, abumba akondo n'amate yiwe, agasiga ku maso ya nya mpumyi, hanyuma amubwira ati: « Genda wiyyuhagire mw'iriba rya Silowe », ni ukuvuga ngo Intumwa.

Aragenda, ariyuuhagira, agaruka abona neza. Ababanyi n'abandi bahora bamubona asegerereza bavuga bati: « Uwo si umwe yahora yicaye asegerereza? » Bamwe bati: « Ni we », abandi na bo bati: « Haba namba, ni uwusa na we. » Ariko we aravyiyemerera ati: « Ni jewe nyene. »

Hanyuma, uwigeze guhuma bamujana ku Bafarizayo. Ugasangwa uyo musi Yezu yari yatoye akondo agahumura nya mpumyi, waru umusi w'Isabato. Abafarizayo na bo baramubaza ukuntu yakize ubuhumyi. Abishura ati: « Yansize akondo mu maso, ndiyuhagira, none ndabona. » Abafarizayo bamwe bavuga bati: « Uwo muntu si uw'Imana kuko atubaha Isabato. » Abandi na bo bati: « Umucumuzi yokora ate ibimenyetso nk'ivyo? » Ni ko guhazana. Basubira rero kubaza uwahora ari impumyi bati: « Weho iryawe ku waguhumuye ni irihe? » Yishura ati: « Ni umuhanuzi. » Baramwishura bati: « Uko wakabaye wavukiye mu bicumuro, none ushaka kutwigisha? » Baraheza bamuta hanze.

Hanyuma, Yezu yumva ko bamwirukanye. Bahuye, amubwira ati: « Uremera Umwana w'umuntu? » Na we amwishura ati: « Ni nde ga Mukama, ngo ndamwemere? » Yezu amubwira ati: « Wamubonye, mbere ni uwo muriko murayaga. » Na we avuga ati: « Ndemeye, Mukama », aca yikubita hasi, aramusenga.

# Ubuhinga ngurukanabumenyi ni kirumara mw'iterambere ry'umukenyeyezi

(Bitangurira ku rup.1)

«Uwudashaka gusigara inyuma y'amajambere, ategerezwa kujana n'u-buhinga ngurukanabumenyi.» Iyo bishikirizwa na Ponsiyanu Hatungimana, Umunyamabanga ntayegayezwa mu bu-shikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira. Hari Ku wa 8 Ntwarante 2023 muri Komine Buganda mu ntara ya Cibitoke mu musi mukuru wo guhimbaza umusi mpuzamakungu wahariwe agateka k'abakenyezi.

Kw'isi yose, uwo musi urahimbazwa ku buryo budasanzwe kuva mu 1977. Uno mwaka mu Burundi, uwo musi wahimbarijwe icese mu ntara ya Cibitoke muri komine Buganda ku civugo ngo: « uruhara rw'indongozi mw'iterambere ry'ubuhinga ngurukanabumenyi ridakumira ».

Ibirori vyatewe iteka n'icegera c'umukuru w'igihugu c'Uburundi Prosperi Bazombanza.

Mw'ijambo ryiwe, yarashimangiye akamaro k'ubuhinga ngurukanabumenyi muri kino gihe tugezemwo. «Ikoreshwary'ubuhinga ngurukanabumenyi riza ryongereza umuvuduko w'iterambere».

## Karahara mu ruganda ntibacura

Prosperi Bazombanza, Icegera c'Umukuru w'igihu-gu, avuga ko ikoreshwary'ubuhinga ngurukanabumenyi ridashoboka mu gihe hatari umuyagan-kuba. Akizeza abenegi-hugu ko Reta yahimirije yonnera irumvisha abaje-jwe ico gisata ko umuya-gankuba ufise ikibanza ntasubirizwa mw'iterambere ry'igihugu.

Nk'uko vyashikirijwe na

Emerance Bucumi, aro-ngoye ihuriro ry'abakenyezi mu Burundi, ngo zimwe mu ngorane nyamukuru z'abakenyezi mw'ikoreshwary'ubuhinga ngurukanabumenyi ku bakenezi hariho ike-na ry'umuyagankuba mu mi-hingo itandukanye y'i-gihugu.

Ati: « Naho atabiharuro bihari, abakenyezi bakoresha ubuhinga ngurukanabumenyi ni bake cane tugereranije n'igitigiri c'abagabo bakoresha ubwo buhinga. Mu gihe ubwo buhinga bukore-rwa cane kuri terefone, abazifise ni bake cane. »

Arongera ati: «Mu gihu-gu hagati haca hiyonge-rakoikibazo c'umuyagan-kuba: n'abo bakeshi bafise uduterefone, usanga umuyagankuba uri kure yabo cane ntibaheze ngo bashobore kuza bariruka barondera uwobashiri-ramwo akapiro. Ikirere kinini kiri hagati y'abo n'aho bashobora kuronka agacanwa ka terefone, cunyurwa n'udukorwa twinshi tumuhanze bigatuma adashobora guko-resha ubuhinga ngurukanabumenyi kurugezo rwiza. »

Nk'uko uwo mukenyezi arongoye ihuriro ry'abakenyezi mu Burundi abi-vuga, ngo ubuhinga ngurukanabumenyi bwaje ari kirumara cane mw'ite-rambere ry'umukenyezi aho ubu basigaye bahana-hana iviyiumviro n'a-bandii bakenezi biciye kw'ikoreshwary'ubwo buhinga, umukenyezi

agakurikirana ibikorwa vyiwe atiriwe arashika aho biriko birabera.

Ikindi congera ko ngo ni ihanahana ry'amafaranga biciye kuri ubwo buhinga, umukenyezi agashobora kwikenura kandi vyonroshe. Ikibazo c'ubutumwa canke udukete twa-hora tuzimirira mu nzira tutarashikira mwene two, naco nyene ngo ntikikivu-gwa ku bakoresha neza ubwo buhinga.

Mu gusozeru urwo ru-banza, Icegera c'Umuku-ru w'igihugu yarakebuye abari ngaho ngo barabe neza mu gukoresha ubwo buhinga ngurukanabumenyi. Vyose ngo ntivyama ari vyiza. Ngo mw'ikoreshwary'ubwo buhinga nyene, hari abamaze kuhasahurirwa, bakabeshwa canke ba-gakwegerwa mu vyo batazi. «Gukoresha ubwo buhinga bisaba kwiton-da no kubukoresha mu bikenewe gusa»

Tubamenyeshe ko ibirori vy'ubo musi vyatangu-jwe n'urugendo rw'abakenyezi bahurikiye mu mashirahamwe atandukanye no mu bisata bi-tandukanye bigize ubuzi-ma bw'igihugu. Urugendo rw'abakenyezi bari mu nzego zo kwivuna aba-nzi n'ugucungera umutekano w'igihugu rwari ruteye igomwe cane.



# Uguhimbaza Umunsi w'Imana (Ibikurikira)

**Kw'Isabato, Umuremyi yaruhutse mu kanya-muneza**

Uko mu ntango igitabu c'Amamuko kibivuga, 'igikorwa' c'Imana cabaye akarorero k'umuntu, n'akaruhuko kiwe niko k'uko. «Ku munsi ugira indwi, Imana yarasozereye igikorwa yari yagize, hanyma ku munsi w'indwi iraruhuka imaze kurangiza igikorwa cayo».

Akaruhuko k'Imana nti-kobonwa nk'uko umenga Imana 'yabuze ico ikora', yabaye inderamaboko. Imana ntiyigera irera amaboko, yama iriko irakora, nkuko Yezu azobi-twibutsa mu kudusigurira isabato, ati : «Dawe ntasi-ba gukora, na jewe nyene ndakora» (Yoh 5,17).

Akaruhuko ntangere ku munsi w'indwi, nti kame-nyesha Imana mbura-kimazi, ariko kerekana irangurwa ry'ivyakozwe, kakerekana kandi iso-zerwa ry'igikorwa ciza Imana yakuye mu minwe yayo. « Imana irihweza ivyo yari yagize vyose. Emwe! Vyari vyiza cane.» (Amam. 1.31)

Ubwuzure bwa kera buravyerekana aho bwashiraho ibwirizwa ryekeye « ISABATO », atari mu kwerekana gusa aka-ruhuko « Imana yagize ihejeje kurema vyose ». «Urama wibuka umusi w'Isabato kugira ngo uwu-tagatifuze. Uzokora mu misi itandatu, urangure i-mirimo yawe yose, ariko umusi ugira indwi ni Isabato y'Umukama Imana yawe. Nta gikorwa na ki-

mwe uzokora, yaba wewe, yaba umuhungu wawe, yaba umukobwa wawe, yaba umusuku wawe, yaba incoreke yawe, vya-ba ibitungwa vyawe, can-ke inyambukira uhaye in-daro mu bisagara vyawe.

Kukaba nkako, mu misi itandatu, Imana yaremye ijuru n'isi, ikiyaga n'ibiri muri vyo vyose, iruhuka ku musi ugira indwi. Ni co gituma Umukama ya-hezagiye umusi w'Isabato arawutagatifuza» (Ihunguka 20,8-10) ; ariko kugira ngo kandi irangure urukiza yaraganiye Israyeli kuva mu buja bwo mu Misiri.

Iyo Mana iruhuka u-munsi w'indwi inezere-jwe n'ivyo yaremye, ni yo nyene yerekana ubuninahazwa bwayo mu gukura abayo mu minwe ya Fa-raoni. Ku buryo ubwari bwo bwose, umuntu yo-vuga ko tudafatiye kw'is-husho ngereranyo abaha-nuzi bakunda gukoresha, kuko iyo Imana yime-nyesha, yibonekeza nk'-umusore yiteguriye umu-geni wiwe.

Kugira twinjire mu nti-matima y'«isabato» n'aka-ruhuko' y'Imana nk'uko tubisanga mu migenzo y'abaheburayo, ni ukumenya vy'ukuri, haba mu Bwuzure bwa kera, haba no mu Bwuzure bushasha, ubucuti Imana yari ifita-niye n'ighugu cayo. Turabionera no mu nyandiko z'Umuhanuzi Ozeya agira ati : «Kuri uyo musi nzobungira isezerano, hamwe n'ibikoko vyo mw'ishamba, inyonzi zo mu kirere, n'ibinyogomba

hasi. Nzovunagura umu-heto n'inkota, nkure ind-wano mu gihugu, mpeze ndabahe kwiryamira ata nkomanzi. Nzokwirehe-reza ube uwanje imyaka yose, nzokwirehereza mu butungane n'ingingo, mu buntu n'impuhwe. Nzokwirehereza mu budahemuka, gutyo nawe uzome-nye Umukama » (Ozeya 2, 20-22).

**Imana irahezagira yo-nera itagatifuza u-munsi w'indwi (amam 2,3)**

Ibwirizwqa ry'Isabata ryategura mu Nsezerano ya mbere umunsi w'Imana wo mu Nsezerano Nshasha kandi izokwamaho ishinze imizi mu ciyumviro c'Imana. Iryo bwirizwa riri hagati mu-ri ayo majambo 10 yere-keye icoranga ubuzima bw'abemera.

Mu kurishira mu bira-nega ubuzima bw'abe-mera : ubwa mbere ku banyisrayeli, ubu nahomuri Ekleziya, Imana yerekana ko atari ibwirizwa ryo gufata mine-nerwe, mugabo ribonywe nk'имвugo yubaka kandi nkenerwa, iri hagati y'Imana n'abantu nkuko tubisanga muri Bibiliya.

Ni umunsi w'akaruhuko kuko ari umunsi wahe-zagiwe n'Imana kandi watagatifujwe na yo ; ni ukuvugako utandukanye n'iyindi minsu kugira ngo ube « Umunsi w'Umukama ». kugira ngo du-tegere uko bikwiye uko gutagatifuzwa kw'isa-bato nkuko biri muri Bibiliya mu nyandiko

zivuga ivy'irema, ni ugu-fata igisomwa cose uko kiri ngo ubone aho ukuri kwose kuri ata kugitan-dukanya, ata kugicamwo uduce, maze ucerekeza ku Mana.

Niba Imana yarataga-tifuje umunsi w'indwi n'umuhezagiro udasan-zwe, yarawugize umunsi w'umwihariko kugira ngo umuntu abitegere yogera-geza gutegera mu kuziri-kana ubucuti buri hagati y'Imana na Ekleziya, yo mugeni wayo.

Ni ubucuti bw'urukundo butagira iherez, bubone-keru mu biranga uruku-ndo vyose biba ivya min-si yose, biba n'ibisan-zwe, eka no mu Vyanditswe yyeranda, nkuko aberan-da benshi badasiba kuge-reranya urwo rukundo n'urw'abubatse.

Mu bisanzwe, mu buzi-ma bwiwe bwose, umun-tu ategerezwa kwama ashima kandi aninahaza Umuremyi. Ariko ubu-cutu umuntu afitaniye n'Imana na bwo nyene burakeneye umwanya wo kubonana imbona nk'u-bone kugira ngo bushinge imizi.

Umunsi w'Umukama rero ni wo munsi umuntu ya-hawe ngo ature Imana akaririmbo kiwe n'ak'ivya-remwe vyose. Ni co gituma ari umunsi w'akaruhuko ngo umuntu aruhuke imi-rimo ya minsu yose imivu-nagura, ashimire Imana yo igaba vyose.

# Uguhimbaza Umunsi w'Imana (Ibikurikira)

(Bitangurira ku rup.4)

## Kuwibuka no kuwuni-nahaza

Ibwirizwa ridutegeka kwubaha Isabato mu gitabu c'Ihunguka rivuga riti : « Urama wibuka umunsi w'Umukama, umuhimbaze » (Ihunguka 20,16).

Umwanditsi w'ico gitabu arabandanya ati : « Kukaba nkako, Imana yaremye ijuru n'isi, ikiyaga n'ibirimwo vyose mu minsi itandatu, umunsi ugira indwi iraheza iraruhuka. Ni co gituma uwo munsi wo kuruhuka Imana yauhezagiye ikawutera iteka ryinshi » (Ihunguka 20,10).

Ni ukuvuga rero ko, imbere yo kudutegeka ico dukora, Imana ibanza kutumenyesha ico tuttegerezwa kwibagira. Ico na co ni igikorwa c'agatangaza c'irema.

Ni ukuvuga ko uwemera adasabwe kuruhuka gusa, nkuko Imana yabigize, mugabo ategerezwa kuruhuka mu Mukama, akamutura ivyaremwe vyose mu kumuninhaza no mu gukenguruka n'urukundo ivyo vyiza vy'Imana.

Kwibuka ibikorwa vy'agatangaza Imana ikora mu guhimbaza Isabato tubisanga kandi mu gitabu c'Amategeko aho iryo bwirizwa ridashingiye ku gikorwa c'irema, ariko ku buryo bw'agatangaza Imana yakoresheje mu gukura Abanyisrayeli mu buja bwo mu Misiri : « Uribuka ko waru umuja mu gihugu ca Misiri, hanyma Umukama Imana yawe akagukuzayo ikganza gikomeye n'uku-boko kuramvuye.

Ni co gituma Umukama Imana yawe yagutegetse guhimbaza umusi w'Isabato » (Amategeko 5,15). Ivyo vyerekana ko insiguro y'umunsi w'Isabato ironkera umwuzurira mu gikorwa c'irema n'ic'urukiza rw'Imana.

Iryo tegeko rero ntiritubuza gukora, ahubwo ritwigisha kwigina « IBITANGAZA » Imana yakoze kandi ishishikara gukora n'ubu.

## Uko Isabato yasubiriwe n'umunsi w'Imana.

Nk'uko twabibonye, ibwirizwa rya gatatu rishi-ngiye ku gikorwa co gu-

kura abantu mu buja. Ni co gituma abakristu bamaze gutegera ko Kristu atwinjiza mu bihe bishasha kandi bizokwamaho, bashimye guhimbaza umunsi wa mbere ukurikira Isabato kubera ari wo munsi w'izuka ry'Umukama.

Ikinyegezwa c'izuka rya Kristu, ni co kiduhishurira vy'ukuri ulo Imana yatanguye vyose, kigasozena urukiza Imana iduha, kikaba n'intango y'akanovera k'ibihe bizoza twimirije.

Ico Imana yakoze mu kurema, n'ico yakoze mu gukura Abanyisrayeli mu buja, bironkera umwuzurira mu rupfu n'izuka vya Kristu naho bizoranguka igihe azogarukira mu bunninahazwa.

Umweranda Gregori Mukuru avuga ati : « Turemeza ko isabato y'ukuri tuyisanga mu Mukama wacu Yezu Kristu we Mucunguzi wacu ».

Ni co gituma akanyamuneza Imana ifise igihe ihimbaza isabato ya mberere, gaserukira mu kanyamuneza k'igihe Kristu iyerekana amaze kuzu-

ka, akiyereka abiwe ku munsi wa mbere w'indwi, igithe yababonekera abazaniye amahoro yiwe na Mutima Mweranda (Yohani 20,19-23).

Mu kinyegezwa ca Pasika, niho imibereho y'abantu n'iyyiyaremwe vyose gushika ico gihe « vyiganyira, bikanihira nk'umuvyeyi ari ku nda » (Abanyaroma 8,22). Iyo mibereho rero yatanguye ihunguka rya kabiri rijana mu mw'idegemvo w'abana b'Imana ubatuma bashobora gusemerra hamwe na Kristu bat : « Abba, Dawe ! »

Kubw'izuka rya Kristu re-ro, « ISABATO » yimukira ku « MUNSI WA MBERE, INYUMA YAYO », umunsi w'indwi, uherala umunsi wa mbere, umunsi w'Imana uhinduka umunsi wa Kristu.

## Biracaza

*Ivyiyumviro bikuru bikuru vyavuye muri « Dies Domini », Inyigisho ya Papa Yohani Paulo wa II*

# Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorero (Ibikurikira)

(Bitangurira ku rup.1)

Ni muhabere abagabo, mutangure mwebwe nyene mwerekane ico murushije abandi mu gukunda igihugu, mutange umwizerio.

34. Ni mwamara gukunda igihugu, mube akaro-

rero mukugikorera, mu kugishariza no mukugitungisha. Mumenye yuko igihugu citangirwa, none ukinyaga n'utwo cari ciftiye wovuga guteko ugikunda?

35. Indongozi niyamara gukunda igihugu, izoku-

nda beneco kandi abakin-gire ntibagire ingorane.

Ntazokwigungirako a-hubwo azobungabunga ivy'ighugu, abigwize hanyma abisabikanye bo-se. Niyamara gukunda igihugu azohagararira

a-mategeko kugira bose a-bakingire kumwe kandi bayubahe kumwe.

Indongozi niyamara gukunda igihugu, agakunda abaco azomenya kurondera iyo bweze kugira

*Ibik. urup.8*

*Muri iki gihe c'Ikarema, Nyenicubahiro Musenyeri Salvator Nicitereste yarashikirije Inyigisho y'Umwepiskopi yo kwigetegurira umusi mukuru wa Pasika 2023. Iyo nyigisho igira iti: «Urugo rukristu nirumenyeshe inkuru nziza ya Yezu Kristu»*

#### 0. Indamutso n'intangamarara

Ndabaramukije mwese bakunzi b'Imana, ni mugire umugisha n'amahoro bikomoka kuri Dawe wa twese no ku Mukama wacu Yezu Kristu.

Ndabahaye ikaze muri iki kiganiro umuryango wabateguriye muri iki gihe c'ikarema. Nkuko umugenzo mwiza w'Ekleziya ubitegekanya muri ico gihe twama tumara imisi mirongo ine twibuka duhimbaza iki-nyegezwa ceranda rwose c'aho Yezu Kristu Umu-kama wacu yababara, akabambwa ku musalaba ku bwacu, akadupfira kugira ngo adukize.

Iyo misi tuyimara turushirizaho tuzirikana kandi dukenguruka u-rukundo rutagira ingero Imana yadusesekarije.

Ni igihe rero co gusenga ugusumbirije, kwi-sonzesha ngo ducuvye ingeso mbi zacu kandi twongere turonke nivyo dusabikaniriza ko abandi na cane cane aboro kuko uhaye umworo ngo aba aguranye Imana.

Ngireko ndabitwese ko Ekleziya yo mu Burundi

iri mu mwaka wo guhim-baza Yubire y'imyaka 125 imaze itanguye.

Inama y'Abepiskopi ika-ba yarashikirije abakristu bose ijambu shimikiro bozirikana mu kuwuhi-mbaza.

Mu gihe c'ubushikiro twazirikanye ko ingo zakiriye Inkuru nziza za-ciye ziba "Ekleziya yo ku ziko".

Uyu musi naho twa-batumyeko kugira ngo dusimbize iryo jambo twatanguye tuzirikane ko izo ngo z'abakristu zi-maze kuba "Ekleziya yo ku ziko" kubw'Inkuru nziza zameneshejwe, zohindukira nazo zikayi-menyesha abandi kandi zihereye mu rugo rwo yogi rya mbere ryo kumenyesha Kristu.

Tubanze rero twitege-reze uruhara izo ngo z'abakristu zagize mu gikorwa co kumenyesha Inkuru nziza mu gihugu cacu muri iyo myaka 125 Ekleziya imaze itanguye.

#### I. Uruhara ingo z'abakristu zagize mu gikorwa co kumenyesha Inkuru nziza mu Burundi.

Mu myaka ya mbere Ekleziya igitangura kw'isi, ingo zabaye iza mbere mu kwakira Inkuru nziza ya Yezu Kristu, zara-baye koko "Ekleziya yo ku ziko".

Ivyo vyarabonekera ku mwete zari zifise mu vyo kwumviriza inyigisho z'-abatumwa, mu gushira

hamwe n'ugufashanya (Raba Ibikorwa vy'Abatu-mwa 4, 36-37), mu gu-hurumbira amakoraniro yo kumanyura umukate n'ay'ugusenga (Raba Ibikorwa vy'Abatumwa 2, 42-47).

Zimwe muri izo ngo za-ritante ziraherezako mu butumwa bwo kume-nyesha Inkuru nziza ya Yezu Kristu, zirayishin-gira intahe, ziranayigu-ra gushika naho muri zo habayemwo abamaratiri basheshe amaraso yabo bazira ukwemera.

Hano iwacu naho, Ekleziya igitangura mu mpera z'ikinjana ca cumi n'icen-da, mu ngo zari zabaye-iza mbere mu kubatizwa harimwo izagize uruhara ruboneka mu kumenyesha Inkuru nziza ya Yezu Kristu:

\* nko mu gutora abigi-shwa bashasha,

\* mu guhanura ababati-jwe bahunye,

\* mu kwitaba amasango yo gusenga n'ay'ibindi bikorwa vy'umuryango w'abakristu,

\* mu guha indaro abakristu n'abakatekumeni baj-e bava kure bagiye kwitegurira n'uguhabwa ama-sakramantu ku misiyoni.

Muri izo ngo nyene hari-mwo izitatevye kubone-kamwo abajenama mu nyuma inshingwamu-ryango, abamenyeshama-na, abanyamihari, abami-syonari, abihebey'Imana, abasaserdoti n'abepiskopi bose b'imvukira, nizo za-

reze abakristu balayike b'imboneza mu bukristu no mu butumwa bw-Ekleziya.

Ico gihe kandi, Ekleziya igitangura mu gihugu ca-cu, ingo z'abakristu zarita-tanga mu bikorwa vyo kwunganira abamisiyo-nari kumenyesha Inkuru nziza; nko mu gufasha gutegura ingendo zo kuja ku mashure y'itabariro, bakabatwaza imizigo, bakabagemurira baka-begebaniriza ibizokene-rwa mu gihe bazomarayo iminsi: nk'inkwi, amazi, n'ibindi.

Izo ngo nyene zarita-bana umwete ibikorwa vyo kwubaka amasenger, amashure n'insago z'abamisiyonari.

Ikindi ciza caboneka nu-ko mu ngo zatanguye kubatizwa hariho iza-ciye zunga ubumwe bus-hasha buvutse kubw'iba-tisimu bwabonekera mu kugenderanira, kuramu-kanya, gufashanya n'u-gutabarana.

Mu ngo zakirije yompi Inkuru nziza ya Yezu Kristu mu myaka yam-bere, hari izabayemwo abamenyeshamana b'a-bamisiyonari.

Izo ngo zaritanze mu kujakumenyesha Inkuru nziza mu ntara za kure, zivuye mu ma misiyoni yari yatanguye kera nka za Muyaga, Mugera, Bu-honga, Kibumbu, Make-buko, n'ahandi.

# Umunsi udasanzwe wahariwe indero muri Diyoseze nkuru gatolika ya Bujumbura

Ku musi wa 5 w'igenekerezo rya 10 Ntwarante 2023, mu nyubakwa y'amana yishule ryitiriwe Scheppers mu Nyakabiga, harahuriye abayobozi b'amashule yegukira Ekleziya Gatorika muri diyoseze Bujumbura mu ntumbero yo guhimaza umusi mukuru wahariwe indero.

Ivyo birori bikaba vyatanguwe n'inyigisho zatanzwe na patiri Dieudonne NTAMAVUKIRO asanzwe akora mu biro vya diyoseze bijejwe ayo mashule yegukira Ekleziya muri diyoseze Bujumbura. Iyo nyigisho ikaba yari ishimikiye ku bihano bitangwa mu mashule na cane cane igihano co "gukubita".

Avuga ati : « Icambere co gutegera, kwishure umwigisha murezi aba afise abana b'imico itandukanye cane kuko umwe wese aba afise kahise kamuranga, ariko abo bose akabwirizwa kubafasha kugira baronke ubumenyi kandi bahinduke no munyifato.

Ivyo rero haraho bitoroha bivanye naza kamere z'abana, ari naho umurezi ahava agakoresha ibihano kugira umwana aje ku murongo.

Ariko rero umurezi ntiyoca ahana kubera ishavu yatewe n'uko abana batakoze nk'uko yabishaka, ahubwo yohana kubw'urukundo afitiye abo bana, abifuriza ko boba abantu bazima Uburundi bukeneye ».

Ivyo kugira bishikweko, ubwo butumwa bwo kureria, bukwiye gusangira abarezi n'abavyeyi, kuko indero y'ibanze iva muhira, vyumvikana ko umurezi ahabwa umwana

yaronse indero yahawe n'abavyeyi.

Ni co gituma n'yo hagize akagorana kuri uwa mwanza, umurezi aba akwiye gutumako umuvyeyi wiwe kugira bavugane ico kibazo cashikiye uwo mwana, bibaye ngombwa bagafashanya guhanura no guhana.

Arangiza asaba abarezi kudatwarwa n'ishavu mu bihano batanga, kuko si imisi yose haba hakewe ibihano, bogerageza gutahura umwana kuko haraho aba akeneye gufashwa mu bundi buryo.

Iyo nyigisho imaze kurangira, baciye bahana hana iviyumviro ku kibazo c'uko ico gihano co gukubita muri iki gihe coba kigikenewe canke coba gikwiranye no mu biheyva kera.

Bamwe mu banyeshure twayaze biga kuri iryo shure ryisumbuye, bavuga ko guhanisha umwana inkoni bivana n'ico umurezi yoba abikoreye.

Ariko kenshi haraho babitumwa n'ishavu bakabikora batarinze gutohoza igituma bakoze iryo kosa. Abandi n'abo bavuvuga ko kugira umurezi ahanishe inkoni, yobanza kuraba imyaka abanyeshere bafise. «Ubwabo ngo ico gihano ntibacemera ».

Anitha NDAYIRAGIYE n'umuyobozi w'ishure ryisumbuye ryitiriwe Umugabekazi w'Amahoro ryo mu Ngagara, ku bwiwe avuga ko igihambaye atari ukudakubita umwana, ahubwo n'ukutamukubita aho avunika, canke ngo umukubite umuhasherwa umukomeretse kuko

n'umugenzo w'ikirundi uraduhagarira guhana kugira umwana azogire ico avuyemwo.

Bica bituma n'imbere yo kumuhabana abanza kumwakira nk'umuvyeyi aka-muganiriza kugira ashobore kumenya icatumye uwo mwana akora iryo kosa.

Muri uko kumukosora mu rukundo, niho umwana aheza agatahura insiguro y'igihano canke ikimenyetsuo umurezi amukoreye".

Ivo bihano bibabaza umubiri rero, bishobora gukomoka kubindi bintu bidafatanye n'ikosa umwana yakoze. Umwana ashobora gukora agakosa gatoya, ariko kubera ko uwo murezi asanzwe afise ivyo bapfa n'abiwabo n'uwo mwana, canke ingorane yisangije wenylene, canke ugashanga hari ikintu agomba gukora, ariko kubera adashobora guhamvya uwo yogikorera ivyo vyose akavyikuriza kuri uwo mwana.

**Umurezi nya murezi none yomera gute?**

Umurezi w'ukuri ni uwo wese azigama neza iteka n'ibanga ryo kurera. Umwe akurikiranira hagufi imyitwarire y'abo areze kandi akabarerana urukundo rw'umuvyeyi.

Ivo birangiye, baciye baturira mu nkuka y'imisa kugira basabe ingabirano yo kuba abarezi nyabo bazigama iteka n'ibanga ryo kurera abo bajejwe mu rukundo.

Ivo nkuka y'imisa ikaba yari irongowe n'icegera c'umwungere wa diyoseze nkuru ya Bujumbura, musenyeri Anatoli RUBERINYANGE.



Foto: Chanel HARINGANJI



Foto: Chanel HARINGANJI

«Imbere y'ikosa iryo ariyo ryose umwana yokora, umwigisha murezi yomuraba igitsure c'urukundo.

**Chanel HARINGANJI**

## Kwumviriza abantu ku mugaragaro ni co gikorwa cimirije muri CVR

Hagiye gukurikira ikiringo co kwumviriza abantu ku mugaragaro, bivanye n'ingene abantu bafise ico bashaka gushikiriza.» Iyvo ni ivyashikirije na Petero Claveri Ndayicariye arongoye umurwi w'igihugu ujeje ukuri no kurekuriranira mu Burundi CVR. Hari mu kiganiro cahawe abame-nyeshamakuru ku wa 7 Ntwarante 2023 i Bujumbura.

Iyo ntambuko mu rugendo rwo kumenya ukuri no kurekuriranira igira kane inyuma y'izindi zamaze kurangira nk'uko bitegekanijwe mw'itegeko rigenga uwo murwi mu kigabane kigira indwi gitegekanya ingene ibikorwa vy'umurwi CVR bigenda.

Nk'uko Petero Claveri abivuga, iyo ntambwe ngo irakomeye cane kuko izoha akaryo abantu benshi ko kugira ico bashikirije. «Gurtyo ntawuzoba aniganwe ijambo».



Vyongeye, ngo bizotuma umurwi ujejwe ukuri no kurekuriranira usuzuma neza ukuri mu vyo umaze kubwigwa no kwemeza ibimaze gushikwako mu gihe bizoba vyashingiwe intahe muri ivyo bikorwa vyo kwumviriza abantu ku mugaragaro.

«Bizotuma tumenya neza ukuri ku bantu baganda-guwe mu Burundi, ababagandaguye hamwe n'ico bariko bashaka gushikako. Iyvo bizotuma tudasubira gufatira abantu mu kivunga.»

Kubw'uwo mukuru wa CVR, ngo kumviriza abantu ku mugaragaro

bimeze nk'umuti ku bikomore biri mu mitima y'abantu. Vyongeye, bene Burundi ngo bazomenya ko hishe umuntu hatishe igihugu.

### Ico gikorwa kizora-njurwa gute?

Nk'uko ingingo ya 53 y'itegeko n° 1/022 yo ku wa 6 Munyonyo 2018 ibivuga, igikorwa co kumviriza abantu kiba ku mugaragaro canke mw'ibanga bivanye n'ingene abarongoye umurwi babonye bikenewe. Umurwi wumviriza uba ugizwe n'imburiburi n'abantu 3 bada-sangiye ubwoko.

Humvirizwa abo bose bafise ico bavuga ku vyabayem mu Burundi, abagirizwa, abacitse kw'icumu canke ivyabona. Ingingo ya 55 y'iryo tegeko itegekanya ko abumvirizwa bahitamwo ururimi rumwe muri 2 zemewe gu-koreshwa mu Burundi: Ikirundi n'igifaransa. Iyo ngingo nyene itegekanya ko mu

gihe uwumvirizwa adashobora gukoresha ururimi na rumwe muri izo zibiri, umurwi uca utegekanya uwusigura ivyo uwo muntu ariko aravuga.

Ingingo ya 56 nayo ivuga ko uwuzoba agire ashikirize ikintu ku mugaragaro azobanza kurahira imbere y'abagire bamwumvirize ko avuga ukuri kandi ukuri gusa atabeshe.

Gishasha muri iyo ntambwe y'umurwi CVR ni uko imanza zo muri kahise zari zarabaye ntabanduka basanze bikenewe zizosubirwamwo bisabwe n'umurwi CVR.

Mwomenya ko mu gihu-gu hagati ivyo bikorwa bizobera mu ntara. Abazokenera kumvirizwa ku mugaragaro bari hanze y'igihugu na bo, umurwi ngo uzokwitegura hanyuma ubasangeyo.

**Mélance Ndayikeze**

## Indongozi ni zo nkingi n'inkinzo y'ubumwe bw'abo zirongoye : Tubere abandi akarorero (Ibikurikira)

(Bitangurira ku rup.5)

asumire abenegihugu.

36. Indongozi idashoboye ivyo, twovuga ko ata ndongozi irimwo. None kuva uno musi twese duhinduke, tube bashasha.

Namwe mutarashikirwa kurongora abandi, namwe izo mpanuro zirabara, ni mube murime-

nyereza kugira ejo aho bukera muzobe akarore-ro mu bandi kandi ndet-se turabakeneye twebwe indongozi kugira mutubere abahanuzi beza.

Ntihagire uwigira sindabibazwa mu gihugu, umwe wese kubutumwa yajejwe ni indongozi, kandi ategerezwa kuba akarorero mukwunga ubumwe bw'abo ajejwe.

37. Ni kuri izo mpanuro mbere mperejeko, nsu-bira guhamagarira abarundi bose kuzirikana iyo twavuye, amakuba twaciymwo kubera ubumwe bwari bwahun-gabanye, umwe wese ace yigira inama avuge ati "CIRA IMOSO, NTI-RIGASUBIRE", hanyuma tugendere urukundo n'umwumvikano nk'uko bibereye.

Niharambe ubumwe mu Barundi,

Niharambe Uburundi n'-Abarundi,

**Murakoze.**

**Ndongozi y'Uburundi**

## Urugo rukristu nirumenyeshe Inkuru nziza ya Yezu Kristu

(Bitangurira ku rup.6)

Gushika n'ubu Ekleziya y'Uburundi iracakesha vyinshi izo ngo z'abo bamenyeshamana zahevye amavukiro n'imiryango, zikagenda kwunganira abamisyonari b'abanya-mahanga kugira ngo Inkuru nziza ya Yezu Kristu ikwire hose mu gihugu cacu.

Ibikorwa vyiza benivyo n'ubu biracabandanya birangurwa mu ngo z'abakristu zamaze kuba «Ekleziya yo ku ziko».

Twovuga nk'ingo zimenyesha Inkuru nziza mu gusabira no mu guterera Ekleziya yo kw'isi yose, mu gutanga imperezwa, intererano n'ayandi mashikanwa, mu kurungika abana bakiri bato mu mi-hari no mu migwi y'ubutumwa, (mu mikangara y'Imana, mu bakorezi, mu batambiramana, mu baririmvyi n'ibindi).

Ingo zija imbere mu gutunganya amanama n'ibikorwa vy'imibano rukristu mu kwunganira abasaserdoti mu butumwa, ingo zishira hamwe zigafashanya zigabarana, zigafasha aboro n'abari mu vyago, n'ingo zibiba mu bana bazo agatima ko kwihebera Imana.

Izindi ngo twovuga zifise uruhara mu kumenyesha Inkuru Nziza ni iz'abakristu zikora ubutumwa bwo kugen-dera izindi ngo zijanywe n'ukwunga ubumwe bushingye kuri Kristu n'ukuremeshanya nka Kana na AGI, zigasan-

gira igisabisho, zigasoma Ijambo ry'Imana zikibukanya amabanga y'urugo rw'abakristu.

Hariho ingo z'abakristu zifasha urwaruka guku-rra rwitayeho ubutumwa bwo gukwiza hose Inkuru nziza ya Yezu Kris-tu nko mu mikangara y'Imana.

Hariho ingo z'abakristu zi-sangira ubutumwa n'ama paruwasi mu gushigikira imigambi yayo nko mu nyubako, mu gutanga ibibanza mbere no mu gushigikira amaparuwas-i mu mburano no mu masezerano agiriranira n'abandi.

Mu bihe vy'intambara twaciemwo hariho ingo z'abakristu zashingiye intahe ukwemera. Ingo zitagize uruhara mu bwicanyi bwabaye no mu yandi mabi yabaye yo gutuza abandi, yo gusa-hura, gutoteza, gukoke-za n'ukwhora zikaguma zibana neza n'ababanyi badasangiye ubwoko canke imigambwe.

Ahubwo hari izatabaye abariko bararonderwa, zabahaye indaro, zira-bakingira kandi zirare-mesha izindi ngo zari zahuye n'ivyago.

Hariho rero n'ingo zarengeye ivyabaye zira-rekuriranira zirasubiza hamwe. Izo ngo zarame-nyesheje Inkuru nziza kubw'yo ntahe y'umu-vukano, kwubahiriza ubu-zima no kurekuriranira.

Twovuga rero duti: «Urugo rumota ubuntu

n'ubukristu rwabaye i-nkingi y'ukubana neza kw'abantu, ruba n'iyogi rivamwo abapfasoni, abashingantahe b'iteka n'ibanga » (Raba indinganizo n'amategeko ngende-rwako bigenga ingo n'imiryango mu madiyoseze gatolika yo mu Burundi urupap.2).

Nico gituma urugomu-ryango ari ishingiro ry'u-butumwa bwacu kugira ngo murirwo harangwe imico myiza, hakomere ukwemera, ukwizigira, urukundo, ubutungane, ukurekuriranira n'uku-barana.

Izo ngo zose tuvuze rero ziratera iteka akaranga kazo ko kuba « Ekleziya yo ku ziko » imenyesha Inkuru nziza ya Kristu, Umukiza w'isi n'ijuru. Yamara rero, hariho n'izindi ngo zubatswe n'ababati-jwe zidohoka kw'ibanga zasezeranye n'Imana.

Ibanga ry'ugukundana n'ukuba umubiri umwe, ry'ugufashanya n'uku-gumirizanya ibanga zi-kama mu nduru n'uru-hagarara bivuye ku bukunzi bw'inda, ukwigungirako n'ugusesagura amatunga y'umuryango, akaborerwe, ukwiganza, ukurenga ibigo n'ayandi mabi.

Hariho n'ingo ziyugari-rako nka ka nyabumba, zitagenderanira n'aba-banyi, zidatabara, zida-fashanya, zitamenyesha imanza ababanyi, zida-terera, zidatanga n'umu-canwa!

Hariho n'izindi nazo za-

miza ababanyi mu ruha-garara kubera ivyo amatongo, ugukwiza insaku, uguteranya imiryango, ukwararaza, ukuremeka inteba ishushe abandi, ugushigikira ibikorwa bi-bi n'imico mibi, ugukin-gira ikibaba inkozi z'ikibi n'ibindi.

Hariho n'ingo zititwara-rika ubutumwa bw'uku-menyesha Inkuru nziza, zidasabira Ekleziya n'-indongozi zayo, zikigira sindabibazwa zikama zikumira mu bikorwa vy'umuryango no mu zindi ntererano, zidatanga neza imperezwa n'amashika-nwa, canke naho zikita-ba ka burorerezi ziku-rayo.

Hariho mbere n'ingo ziburabuza ubutumwa bw'-Ekleziya mu kwamiza amaparuwas-i mu mbu-rano zitagira shinge na rugero, n'izindi zihorera canke zigashira agati mu ryinyo zikanka kuvuga ukuri zikuzi.

Hariho ingo aho kure-resha abana imico myiza yo kumenyesha Inkuru nziza n'ugukunda n'ugushigikira Ekleziya nk'-umuryango barimwo, zishinga ahubwo kuba-bera akarorero kabi n'intambamyi mu bukristu bwabo, rimwe na rimwe mbere bakababibamwo imbuto y'urwanko, y'inzi-go n'amacakubiri y'ubwo-ko, imigambwe canke intara. Ben'izo ngo ziba zaradohotse ku karanga.

# Umunsi mpuzamakungu wahariwe abakenyezi

Kw'igenekerezo rya 8 ntwarante uko umwaka utashe, amakungu arahimbaza umunsi mpuzamakungu wahariwe umukenyezi.

Muri iryo himbazwa, Uburundi ntibusigara i nyuma, burifatanya n'amakungu bugahimbaza uwo munsi.

Muri uno mwaka wa 2023, uwo musi wahimbarijwe muri komine Buganda mu ntara ya Cibitoke, ku civugo kivuga kiti «Uruhara rw'indongozi mw'iterambere ry'ubuhinga ngurukanabumenyi ridakumira».

Iki civugo gihamagarira indongozi kwitanga zitiziganya mu gutorera inyishu ibibazo abakenyezi n'abigeme bafise.

## 1. Amamuko y'uwo mnsi

### 1.1 Ku rwego mpuzamakungu

Hari mu gice ca 2 c'ikinjana ca 20, aho mu bihugu vya Buraya na Amerika, hatangura kwibonekeza imiyerekano y'abakenyezi, biyamiriza agacinyizo bagirirwa n'intwaro zari zihari, aho ata gaciro abakenyezi n'abigeme bahabwa.

Iryo cinyizwa ryaba mu bice bigize ubuzima bw'igihugu vyose : politike, ubutunzi, imibano n'ibindi. Muri iyo myiyerekano, abakenyezi baraharanira ahanini kuronswa uburenganzira bwo gutora canke kwitoza.

Ishirahamwe mpuzamakungu rimaze guca irya

n'ino ivyo abo bakenezezi basaba mu myiyerekano bagira, ryaciye ryemeza uburenganzira bw' abakenyezi mu vyerekeye politique, ubutunzi n'imbanano kw'igenekerezo rya 8 ntwarante 1975. Rya remeje kandi ko iryo genekerezo ryoba umusi mpuzamakungu wokwama uhimbazwa uko umwaka utashe.

### 1.2. Ku rwego rw'Uburundi

Uburundi bumaze kwumva ingene abakenyezi bo mu za Buraya na Amerika bariko baraharanira uburenganzira n'amateka vya bo, gushika aho ishirahamwe mpuzamakungu rishinga ko uwa 8 ntwarante ubitirirwa uko umwaka utashe kuko berekanye ubutwari bafise, bwaciye bushiraho ubushikiranji bujejwe kwhiweza ivyo vyose bizingamika uburenganzira bw'abakenyezi, harri muri 1982.

Kuva ubwo, abakenyezi bo mu Burundi baciye baja barahura n'abandi bo mu bihugu bitandukanye mu makoraniro, barabira hamwe ivyoteza imbere agateka kabo.

Umusi w'igenekerezo rya 8 ntwarante, uhimbazwa mu ntumbero yo kura ba urugero iyubahirizwa ry'agateka k'abakenyezi rigezeko, kwerekana ico korwa kugira agateka kabu kagume kubahirijwe, kwerekana ko abakenyezi n'abigeme bashoboye, ko na bo bategerezwa kubahwa bakubahirizwa mu mateka yabo, kandi ko bashoboye guterera

agacumu k'ubumwe mw'iterambere ry'igihugu.

Uwo musi ni akaryo keza ko guhimiriza abakenyezi ko bategerezwa gukorra, bakerekana vy'ukuri ko bashoboye.

Twisunze icivugo c'uyu mwaka, Uburundi bwihaye intumbero yo guhimiriza abenegihugu ku kamaro k'ubuhinga ngurukanabumenyi mw'iterambere ry'igihugu hamwe no kwereka abo bose bafise uruhara mw'iterambere ry'ubuhingga ngurukanabumenyi, ko abakenyezi n'abigeme bategerezwa na bo kworoherewa mu gushikira ivyo vyose vya nkenerwa mu guteza imbere ubuhinga ngurukanabumenyi.

Uwo musi utanga akaryo kandi, ku bihugu, ko kwi suzuma hihwejwe ivyarranguwe mu vyiyemejwe bijanye no guteza imbere agateka k'umukenyezi, mu kiringo c'umwaka. Inyuma y'ivyo haca hashingwa urundi rutonde rw'ibigiye gukorwa.

Nk'uko bisanzwe rero, ku wa 8 ntwarante 2023, Uburundi bwarifadikanje n'amakungu mu guhimbaza uwo musi mukuru, iborori bikaba vyabereye mu ntara ya Cibitoke muri komine Buganda.

### 2. Ibikorwa nyamukuru bimaze gukorwa, mu guteza imbere agateka k'umukenyezi

#### 2.1. Ku bijanye n'amagara y'abakenyezi.

Reta yarabandanije gushira mu ngiro ingingo

yo kuvura ku buntu abakenyezi bibungenze. Iyo ngingo ifise akamaro kanini mu buzima bw'abakenyezi ndetse no ku buzima bw'abana bibungenzwe, ndetse no ku buzima bw'umuryango muri rusangi.

Guhera mu mwaka wa 2021, Reta yarashizeho ibisata vyitaho amagara y'umukenyezi n'umwana (santé mère-enfant) mu mavuriro n'ibitaro kandi, uko umwaka utashe mu kwezi kwa kigarama ; yama itunganya iyinga ihariwe amagara y'umukenyezi n'umwana (semaine santé mère-enfant).

### 2.2. Ku bijanye n'ingene twokinga amabi akorerwa abakenyezi.

Mu ntumbero yo kurwanya ukudahana ivyaha bikorerwa abakenyezi, Reta ibandanya itsimbataza ishirwa mu ngiro ry'bwirizwa rigwanya amabi akorerwa abakenyezi, rikaba ari ibwirizwa numero 1/13 ryo kuwa 22 nyakanga 2016.

Iryo bwirizwa rirakinga amabi akorerwa abakenyezi, rikayahana rkongera rigakingira n'abayakorewe mu kubaha inyigisho kugira ntibahave bagumana umwiheburo canke ngo babone ko babaye ibicibwa .

Iri bwirizwa ryashizweho mu ntumbero yo kurwanya imigenzo itandukanye y'ikirundi, icinyiza rkongera igakumira abakenyezi.

# Umunsi mpuzamakungu wahariwe abakenyezi

(Bitangurira ku rup.10)

Iyo migenzo na yo si iyindi, ni nk'ikumira rishingiye ku mvugo itesha agaciro umwana w'umwigeme. Ibi bibonekera no mu tujambo tumwe tumwe aho uza wumva ngo umukobwa n'akarago k'abaraye, ngo n'umunyakigo, n'ibindi.

Ikindi tutodeha kuvuga Reta yakoze, ni ishingwa ry'ibigo bijejwe gufasha abo bose bakorewe amabi afatiye ku gitsina.

Twotanga uturorero tw'i-bigo biri mu ntara za Gitega, Cibitoke, Makamba na Muvinga vyashinzwe mu kiringo kiva mu mwaka wa 2015 gushika mu mwaka wa 2018. Hariyongereyeko ikigo ca Rumonge cashizweho mu mwaka uheze wa 2022.

Ibi bigo vyo mu ntara za Cibitoke, Makamba na Muvinga, bisanzwe bikorera hamwe n'ibitaro bikuru vy'intara, kandi birimwo abakozi babino-nosoye baheza bakabu-mviriza. Bifise kandi uwuheza akabafasha kwitura ubutungane abanje kugira itohoza rikwiye.

Ikigo Humura c'i Gitega hamwe na Humura co mu Rumonge bifise ibitari bike vyisangije. Bifise inyubakwa bikoreramwo zigenga, kandi bifise inyamiramabi n'u-munyamategeko bafasha uwakorewe amabi kwitura ubutungane, basan-zwe bakorera muri ivyo bigo.

Ubudasa buhari, ni uko mu bigo vyakira abako-

rewi amabi bikorera mu bitaro bikuru vy'intara, inyamiramabi n'umunya-mategeko bahamagarwa iyo uwakorewe ayo mabi aje avyitura. Mu ndinganizo y'ivyo bigo, uretse umuganga ategerezwa kuba ahari, hariho kandi n'uwanonosoye ibijanye n'inyifato.

Muri ico gikorwa co kwa-kira no gufasha abako-rewe amabi afatiye ku gitsina, ivyo bigo bifashanya n'ikigo c'abikorera ivyabo ari co SERUKA, na co kikaba gikorera mu gisagara ca Bujumbura, mu ntara ya Muramvya no mu ntara ya Cibitoke.

## 2.3. Ibijanye no gushira abakenyezi mu nzego z'igihugu.

Mu nzego z'igihugu, na ho nyene Uburundi bwara-teye intambwe, twisunze ivyo ingingo y'169 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga ko "Inama Nshingamateka igizwe n'imiburiburi n'a-bashingamateka 100 barimwo 60% b'abahutu na 40% b'abatutsi bose hamwe harimwo n'imiburiburi abashingamateka b'abakenyezi 30% batowe n'abenegihugu bagatorrerwa ikiringo c'emyaka itanu".

Ingingo y'185 y'iri bwirizwa shingiro nyene, mu gace kayo ka 2 ivuga ko mu bagize Inama Nken-guzamatekahategerezwa kubamwo n'imiburiburi ibice 30% vy'abakenyezi.

Ibwirizwa rigenga amatora mu gace ka kabiri k'ingingo y'108, rirerekana ingene bigenda mu gushira mu ngiro izo

ngingo zibiri z'ibwirizwa shingiro.

Mu vyerekeye ivy'intwaro, ku bushikiranganji 15 bugize Reta y'Uburundi, ubushikiranganji 5 burongewe n'abakenyezi, ni ukuvuga ibice 33 kw'ijana.

Ni kuri iyo mvo ku bashingamateka 123 batowe muri iki kiringo, abashingamateka 41 ari abakenyezi. Ni ukuvuga ibice 33 kw'ijana.

Mu bakenguzamateka na bo 39, abakenyezi ni 16, ni ukuvuga ibice 41 kw'ijana vy'abagize inama nkenguzamateka.

Ibi bitigiri biragaragaza neza ko vya bice 30 kw'ijana dusanga mw'ibwirizwa shingiro birenga, ikime-nyetso cerekana ko mu Burundi abakenyezi baserukiwe muri izo nzego.

Ariko rero n'aho biri uko, abakenyezi n'abigeme baratumirirwa kwijukira a-mashurecanecanegushika mu mashure ya kaminuza, kuko hariho amabanga amwe amwe asaba urupapuro rw'umutsindo rwa kaminuza, bigoye kujamwo atarwo ufise.

## 2.4. Mu bijanye no guteza imbere umuke-nyezi

Reta y'Uburundi yara-shinze ibanki y'abakenyezi yo kuziganya no gutanga ingurane mu ntumbero yo kubahimiriza kwiteza imbere, ika-ba yuguruwe icese muri ntwarante 2022. Ifise icicaro i Gitega ari na wo murwa mukuru wa poriti-ke w'Uburundi.

Nk'uko bimenyeshwa n'ubuyobozi bukuru mu vyo bujejwe harimwo ite-rambere ridakumira bwo mu bushikiranganji bwo gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'itrerambere ridakumi-ra, Reta yarashizeho mu bushikiranganji bwhose igisata kijejwe gukuri-krana ibijanye n'iyubahirizwa ry'agateka k'aba-kenyezi.

Uko ni ko biri no mu biro vy'Umukuru w'Igihugu, mu nama nshingamateka no mu nama nkengu-zamateka.

Mu gusozerwa, twomenya ko mu ntumbero yo kwu-bahirizwa kuruta mu gateka n'uburenganzira vyabo, abakenyezi basa-bwa kugira uruhara ntangere, bakerekana vy'ukuri ko bashoboye, kandi baki-jukira guhimirizanya hagati yabo, cane cane ku bijanye no kwubaka no kurangura imigambi yo kwiteza imbere kugira ntibame bazeye inze.

Aka ni akaryo keza kandi ko kuvunira urugohe abavyeyi ko mu ndero baha abana, bategerezwa kwereka abana b'abako-bwa ko na bo nyene bas-hoboye, ko ata bikorwa vyagenewe abana b'aba-hungu gusa, gutyo baka-bategurira kuzoba kiru-mara mu buzima bwa bo bwo muri kazozza.

## Inama nsangizangendo ku mugabane wa Afrika na Madagascar

Kuva kw'igenekerezo rya 1 gushika ku wa 6 Ntwarante 2023, i Addis Abeba mu gihugu ca Etiyopiya harabereye inama nsangizangendo y'umuryango yakoraniwe n'inama i-huza abepisikopi bo ku mugabane wa Afrika na Madagascar. Iyo nama yari iyo gutegura inama nsangizangendo y'Abepisikopi bo kw'isi yose izosasa ku wa 4 gushika ku wa 29 Gitugutu 2023 no muri gitugutu 2024 i Roma, nkuko Nyenubweranda Papa Fransisiko yabimenyesheje ku wa 16 Gitugutu 2022.

Iyo nama yabaye mu rukurikirane rw'izindi nama zayiteguye zabereye i Accra muri Ghana kw'igenekerezo rya 6 gushika ku wa 9 Kigarama 2022 n'i Nairobi muri Kenya kw'igenekerezo rya 23 gushika ku wa 25 Nzero 2023.

Yari yitabwe n'abantu bashika ku 200; muri abo harimwo aba Karadinali 9, Abepisikopi 29, Abasaseredot 41, abihebeyima, abashingantahe n'abapfasoni baserukiye abandi balayike; nabamwe mubaserukira amadini n'amashengero. Mu batumire, harimwo n'Abakaradinali bavuye i Roma : Mario Grech na Jean Claude Hollerich.

Iyo nama nsangizangendo yo ku mugabane wa Afrika yatumye inama y'Abepisikopi ba Afrika na Madagascar bahera-heza icegeranyo kigagara-gaza uruhara Ekleziya

ifise muri Afrika na Madagascar, kikazoca kirungikwa ku munyabanga mukuru w' inama sangizangendo yo muri Gitugutu 2023.

Abari bakoraniye muri iyo nama, baremeje uburyo Ekleziya yo muri Afrika yakoresheje iyo nama; vyagaragaje ko ugu-sangira urugendo rugana Imana, bitakiri ivyo mu majambo gusa, ari ukuri kwagaraga-jwe n'ingene mu budasa bwabo bahuriye hamwe baganira, bumvirizanya, bose hamwe bumviriza Mutima Mweranda.

### Ni akahe karanga k'Ekleziya sangizangendo yo ku mugabane wa Afrika na Madagasikare?

Ubudasa bw'imico n'imigenzo niko karanga n'itorwa ry'Ekleziya yo muri Afrika. Ekleziya nk'umuryango uri ku rugendo rumwe rugana Imana. Umuryango umuntu wese yumva ko ari iwe. Ni Ekleziya y'umviriza bose, idaciriye urubanza abiyumva umengo ni inyambukira; bakumva umengo baraku-miriwe canke baciwe muri Ekleziya. Kugira bishoboke Ekleziya ihamagariwe kurengera inzitizi zose zibuba iterambere ryo gutambukira hamwe.

Abari muri iyo nama barerekanyeinzira Ekleziya Muryango yocamwo kugira ugutambukira hamwe gusayangane ivyiza biva kuri Mutima Mweranda.

- Ekleziya itegerezwa



*Abo ni abari bitavye iyo nama nsangizangendo mu gihugu ca Etiyopiya*

gutanga umwanya wo kuganira, ikama igabiye gutambukana n'abandi, ikagira ico ibigirako ifatiye ku budasa bw'akaranga butuma Ekleziya itera imbere.

• Ekleziya irahamagariwe kandi kugaragaza umwitarariko wo guhuza abadasangie imico, ubwoko n'akaranga, uguhurira hamwe kwabadasangie ukwemera n'amashengero no kumviriza ingene abakera bemera Imana n'akaranga kabo.

Abari muri iyo nama barabariye hamwe ibijanye na politike n'imibano muri Afrika. Aho Ekleziya muryango itambukana n'abakomerekejwe n'indwano, indyane z'amoko; ukutakirana bifatiye ku madini n'ukwemera bamwe bose bisangije, iterabwoba n'ayandi ma-bi yose.

Ibikomere vyabo, nivyo bikomere vya Ekleziya muryango. Ivyo bikagragazwa nuko igerageza kugendera urukundo, impuhwe, ikigongwe n'uruhara igira mugusubiza

hamwe abatandukaniwe n'indyane.

Barihweje ibijanye n'urwaruka. Basangako ari ukuberia inguvu z'urwaruka, ukwitanga n'impuhwe zabo Ekleziya yo muri Afrika ifise itoto n'iremba. Ntibashobora kwirengagiza intererano y'urwaruka muri urwo rugendo rw'inama nsangizangendo.

Ntibasize inyuma uruhara rw'umukenyezi bafatiye kukungene bitavye bimwe bishimishije muri izo nama uko ari zitatu zahuza Afrika na Madagascar. Barabonye ko ugu-sangira urugendo bidashoboka hatabayemwo uruhara rw'umukenyezi. Kubera ubwinshi bwabo n'ukwitangana umutima kivyeyi; umukenyezi wo muri Afrika arafise uruhara mu butumwa bw'Ekleziya .

Muri Afrika, akamaro abakenyezi bafatiye Ekleziya muryango ni nkako uruti rw'umugongo rufitiye zina kiremwa muntu.